

## **Pwosedi Jeneral pou Anprent**

Pèsonèl Legliz yo ak Volontè ki kouvri anba lalwa dwe enskri sou sit entènèt **www.fieldprintflorida.com** epi suiv enstriksyon sa yo:

- Klike sou "pran yon randevou" (enskripsyon yo ka fèt nan lang angle oswa Espayòl)
- Kreye yon non itilizatè sekirite/modpas epi antre nan sistèm randevou Fieldprint la a
- Nan ekran ki li "Rezon ki fè ou bezwen yo pran anprent dwèt ou" klike sou lyen sit wèb: "Mwen konnen Kòd Fieldprint mwen an". (Pou jwenn kòd aksè sa a, tanpri rele pawas ou a oswa lekòl ou a davans.) Tanpri sonje byen ke kòd aksè a ya pran an konsiderasyon lèt (majiskil ak miniskil).
- Bay tout enfòmasyon yo mande a. FDLE / FBI mande enfòmasyon sa yo ka fè rechèch kriminel la.
- Nan pwen sa a, sit entènèt la pral mande aplikan an pou enfòmasyon kap pèmèt yo jwenn yon etablisman anprent dijital lokal pou yo pran yon randevou. Sou entènèt la dirèkteman yap tou bay enstriksyon, direktiv, kat rout la ak foto.
- Si ou gen lòt kesyon oswa pwoblèm, tanpri kontakte sèvis kliyan Fieldprint nan: 1-800-799-1067 oswa voye yon imel sou: [CustomerService@fieldprint.com](mailto:CustomerService@fieldprint.com). Oswa chwazi lyen "Contact Us" ki sou sit entènèt la.